










Jen 2025

Chè Fanmi,

Kenbe fanmi w an sekirite e an sante pandan ete sa a si w ap rete nan Vil New York oswa si w ap vwayaje! Moun k ap vwayaje yo ka bezwen pran prekosyon anplis akoz gen plis risk pou yo trape kèk enfeksyon. Pa egzanp, gen epidemi lawoujòl nan mond lan ak epidemi deng nan Karayib la ak nan Amerik Disid ak Amerik Santral.

| Konsèy Sekirite pou Sezon Ete a ak pou Vwayaj | |
|--|---|
|   | <p>Pwoteje tèt ou kont enfeksyon ke piki ensèk bay. W ap jwenn tik anpil nan zòn ki gen anpil raje oswa ki plen pyebwa nan Etazini e yo ka transmèt maladi tankou maladi Lyme. Moustik yo ka transmèt maladi tankou viris West Nile nan Etazini epi malarya ak deng andeyò Etazini. Itilize pwodwi pou chase ensèk ki gen DEET, picaridin, IR3535, oswa lwil ekaliptis abaz sitwon. Trete ekipman w yo avèk pèmetrin epi mete chemiz ki gen manch long, pantalon long, soulye ki fèmen epi chapo. Si w andeyò Etazini, itilize yon moustikè lè w ap dòmi nan yon zòn ki gen maladi malarya, deng oswa lòt maladi ke moustik transmèt. Pou jwenn plis enfòmasyon sou tik, vizite: nyc.gov/health/ticks.</p> |
|  | <p>Klima ki cho kapab danjere. Mete rad ki lejè epi ki laj. Rete nan kote ki fre, nan lonbraj epi alabri reyon solèy la. Menm kèk èdtan ou pase nan espas ki gen lè kondisyon kapab redwi risk pou w pran maladi chalè bay. Bwè anpil likid menm si w pa swaf epi evite bwason ki sikre. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite: nyc.gov/health/heat</p> |
|  | <p>Kenbe timoun yo an sante nan dlo a. Siveye timoun yo pandan y ap naje oswa pandan y ap jwe nan dlo a. Pa antre nan dlo a si w te gen dyare pandan de dènye semèn yo. Fè timoun yo sonje pou yo pa vale dlo a. Fè timoun yo itilize twalèt la tanzantan.</p> |
|  | <p>Rete pridan fas ak bèt yo. Pa domestike oswa nouri bèt sovaj. Mande pèmasyon pwopriyete a anvan w manyen nenpòt chen, chat oswa lòt bèt domestik.</p> |
| Konsèy Adisyonèl pou Vwayaj Entènasyonal | |
|  | <p>Anvan w vwayaje, li Pòtay Enfòmasyon Rapid sou Lasante pou Moun K ap Vwayaje a. Vizite gten.travel/trhip/trhip pou w jwenn konsèy pèsonalize sou sante, pou moun k ap vwayaje.</p> |
|   | <p>Konsilte pwofesyonèl swen sante w omwen kat semèn anvan w vwayaje. Poze kesyon sou tout medikaman oswa vaksinasyon ke w ka bezwen tankou medikaman kont malarya, fyèv tifoyid, oswa epatit A yo, si w ap vwayaje ale nan yon zòn kote maladi sa yo frekan. Tibebe ki nan laj 6 rive 11 mwa ta dwe resevwa yon dòz siplemantè vaksen kont lawoujòl, bonè, epi timoun yo ak adilt yo ta dwe resevwa yon premye oswa yon dezyèm dòz. Asire w ke oumenm ak timoun ou yo ajou nan vaksen woutin yo.</p> |
|  | <p>Evite maladi ki bay dyare. Bwè boutèy dlo oswa dezenfekte dlo a pandan w bouyi l pandan omwen yon minit. Evite manje fwi oswa legim ki pa kwit ke w pa ka kale. Asire w ke vyann yo byen kwit e ke yo sèvi tou cho.</p> |

Sensèman,



Shama Ahuja, PhD, MPH
Komisyonè Adjwen,
Biwo pou Maladi Kontajye yo